

Affordable Care Act Marketplace Insurance pou travayè H-2A

Kisa asirans sante vle di?

**Asirans sante ede ou peye
depans swen sante pandan ou
ap viv oswa travay Etazini.**

Asirans sante ede yon moun peye pou swen sante ki pa kouvri nan konpansasyon travay li a ba li. Avèk asirans sante, ou peye yon lajan fiks chak mwa. Lè sa a, si ou malad oswa blese, ou ap peye mwens lajan pou yo ba ou swen. Asirans sante pa kouvri tout depans swen sante, men sa vle di ou pa gen pou peye yon gwo kantite lajan yon sèl kou.

**Travayè H-2A yo gen dwa pou
achte asirans sante pandan yo
Ozetazini.**



**Sonje,
pèsonn pa
gen plan pou
vin malad
oswa blese!**

Kòman mwen ka jwenn asirans sante a?

Gouvènman an mete sou plas yon sistèm kote ou ka aprann, chwazi, epi enskri pou jwenn asirans sante.

Enpòtan! Enspriksiyon nan pwogram asirans sante yo fèt nan kèk dat nan ane a. Li ap pi bon si ou enskri nan pwogram asirans sante a omwens 60 jou avan ou rantre Etazini. Sèl lòt dat kote yo louvri enskripsyon yo se soti 1 novanm pou rive 15 janvyè.

Kisa mwen bezwen pou mwen enskri?

Pou ou enskri nan pwogram asirans sante a, ou bezwen tout bagay sa yo:

- ✓ Viza H-2A ou.
- ✓ Kat arive / depa ou (I-94).
- ✓ Dènnye chèk ou oswa fòm taks W-2 ane pase a
- ✓ Non ak adrès konpani oswa patwon ou ap travay pou li a.

Enfòmasyon ou bay nan aplikasyon asirans sante a dwe menm ak enfòmasyon nan dokiman ou ranpli pou taks yo. Pou egzanp, asire ou non ou byen ekri.

Asistans disponib nan lang kreyòl! Rele nimewo ki sou do a pou èd

Men, èske asirans sante pa chè?

Non! Ou ka chwazi plan asirans sante ki pi bon pou ou epi gen asistans finansye ki disponib. Pifò travayè H-2A peye mwens pase 25 dola chak mwa pou asirans sante.

Men, mwen deja gen konpansasyon nan travay mwen!

Kompansasyon travay ou a kouvri depans pou swen medikal si ou malad oswa blese nan travay ou. Li pa kouvri depans pou blesi oswa maladi ki rive andeyò travay.

ENPÒTAN

Ou dwe retire tèt ou nan pwogram asirans sante avan ou kite Etazini. Rele nan nimewo pi a ba a pou ou ka kanpe enskrisprison an. Pwogram asirans sante a pa p anpeche ou renouvle viza w la.

Espas vid pou enfòmasyon/resous lokal yo

Ale sou sit www.healthcare.gov oswa rele
nivewo sa 1-800-318-2596
Asistans Disponib nan lang Kreyòl Ayisyen.

